# Hayal-qızlarǵa berilgen usınısnama tiykarında Qaraqalpaqstanda neshe abiturient grant tiykarında student bolǵanı málim etildi

Image not found or type unknown

**2020-jıl 23-iyun kúni Ministrler Kabineti tárepinen joqarı oqıw orınlarına qosımsha mámleketlik grant tiykarındaǵı qabıllaw kórsetkishleri sheńberinde hayal-qızlarǵa tańlawda qatnasıw ushın usınısnama beriw hám olardı oqıwǵa qabıllawdı shólkemlestiriw tártibi haqqındaǵı reje qabıl etilgen edi.**

Usı rejege muwapıq, bıyılǵı jılı Ózbekstan Respublikası Máhálle hám shańaraqtı qollap-quwatlaw ministrligi tárepinen Qaraqalpaqstan Respublikası boyınsha «Temir dápter», «Hayallar dápteri»ne kirgizilgen shańaraqlardıń qız perzentleri, sonday-aq, «Jaslar dápteri»ne kirgizilgen hayal-qızlardan 2443 ine ornatılǵan tártipte usınısnamalar berilgen. Bul haqqında QR Máhálle hám shańaraqtı qollap-quwatlaw ministrligi xabar berdi.

Olar arasınan 114 hayal-qız joqarı oqıw orınları bakalavriatınıń kúndizgi tálim baǵdarlarına qosımsha mámleketlik grant tiykarında studentlikke qabıl etilgen.

Usınısnama tiykarında studentlikke qabıl etilgen hayal-qızlardı qala hám rayonlar kesiminde alıp qaraytuǵın bolsaq:

Nókis qalası – 20;

Ámiwdárya rayonı – 8;

Beruniy rayonı – 7;

Bozataw rayonı – 5;

Kegeyli rayonı – 6;

Qanlıkól rayonı – 13;

Qaraózek rayonı – 2;

Qońırat rayonı – 4;

Moynaq rayonı – 4;

Nókis rayonı – 6;

Taqıyatas rayonı – 3;

Taxtakópir rayonı – 3;

Tórtkúl rayonı – 7;

Xojeli rayonı – 7;

Shomanay rayonı – 1;

Shımbay rayonı – 14;

Ellikqala rayonı – 4 student bolıp tabıladı.

**Qaraqalpaqstan xabar agentligi.**